



Garanti pou Salè Minimòm – Ingreso mínimo garantizado

Li eksplike lwa ki etabli sibvansyon pou konpleman salè travayè ki rantr mwens lajan kòm salè.

◦ Ki objektif lwa sa a?

Etabli yon sibvansyon masyèl ke leta ap bay pou konpleman salè travayè yo pou yo kapab rive nan yon minimòm de 300 mil peso likid.

◦ Pou kiyès lap aplikab?

Pou travayè depandan ki reji pa kòd travay la, avèk kontra ki pa ekspire e ki gen yon tan travay ki siperyè a 30 èd tan pa semèn.

◦ Ki lòt kondisyon yo dwe ranpli?

a) Resevwa yon salè masyèl ki enferyè a \$ 384.363

b) Fè pati yon fwaye ki gen 90% moun ki rantr mwens lajan nan peyi a selon Rejis Sosyal fwaye yo (Registro Social de Hogares).

◦ Konbyen lajan maksimòm yo bay pou sibvansyon an?

Yo bay \$ 45.353 pou moun kap travay ki genyen salè minimòm nan.

◦ Kisa kap pase ak travayè ki touche plis ke salè minimòm nan, men yo touche mwens ke 384.363?

Si travayè sa yo fè 45 èd tan pa semèn, sibvansyon an ap diminye, men l ap garanti si moun sa yo touche omwen 300 mil peso likid. Sila yo ki travay plis ke 30 èd tan pa semèn e mwens ke 45, y ap resevwa yon kantite ki pwopòsyonèl ak kantite lè a.

◦ Kisa kap pase ak moun ki travay mwens ke yon mwa yo?

Yo pral gen dwa pou yo touche sibvansyon tankou se te jou konplè yo travay yo.

◦ Kisa kap pase nan peryòd moun yo gen lisans medsen oubyen yo an vakans?

Travayè yo ap kontinye resevwa sibvansyon an. Y ap resevwal tou pandan lisans pou akouchman (posnatal), papa a kapab resevwa li oubyen manman an. Sibvansyon an ap kalkile selon salè masyèl ou te resevwa nan mwa anvan ak kòmansman ferye anyèl la, selon lisans medsen an oubyen pèmi an respektivman.

◦ Èske sibvansyon sa a konpatib ak lòt?

Si travayè a resevwa sibvansyon travay pou jèn moun oubyen sibvansyon anplwa pou fanm li p ap ka resevwa yo ansanm avèk sibvansyon garanti pou salè minimòm nan. Nan ka sa yo, sèlman l ap kapab resevwa sibvansyon Garanti salè minimòm nan. Pa kont, Si moun nan ap resevwa plis lajan pou lòt sibvansyon yo ou t ap resevwa plis lajan, y ap peyew diferans la nan ane k ap vini an.

Yo p ap peye w enpozisyon pou sibvansyon an, li pa tribitab, yo p ap ka pran l pou lòt dèt ni yo p ap ka fè diskont ladann.

◦ Kòman ou kapab postile pou sibvansyon saa?

Ou dwe antre nan sit web saa: <https://www.ingresominimo.cl/> epi ranpli yon fòmilè a.

◦ Ki delè ki genyen pou yon moun touche lajan sibvansyon an?

Delè ki genyen pou touche sibvansyon an ap jiska 6 mwa e pou sila yo ki pa touche lajan an aprè tan sa a l ap sinifi ke ou pa bezwen kòb la.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.